

Kòman pou gen aksè ak benefis Chile Crece Contigo yo?

Tout fanm ki fè premye konsiltasyon gwsès yo nan yon sant sante piblik ap antre touv nan pwogram **Chile Crece Contigo**, moman yap swiv yo ak sipòte yo nan devlopman timoun depi nan kòmansman gwsès la jiska 9 lane.

Si pandan tchyèk konsiltasyon an, yo ta remake ke moun sa ap vin nan yon siyasyon trè pòv, swa paske ou fè pati de 60% moun sosyoekonomikman ki pi pòv yo, dapre eleman karakteristik aktyèl la, pou lòt sitiyasyon ak vilnerabilite espesyal yo, yap refere nan minisipalite ki koresponn, pou jwenn aksè ak diferan sipò.

Kòman mwen ka konnen si fanmim fè pati pwogram fwaye 60% sosyoekonomikman ki pi pòv yo?

Yo detèmine sa selon fich teknik ke Registro Social de Hogares bay, epi ki kapab ranpli nan sit entènèt sa a: www.registrosocial.gob.cl oubyen ale nan minisipalite kote ou ye a pouw fè demach sa.

Nan ki sibvansyon mwen ka gen aksè epi kòman mwen ka fè sa ?

Sibvansyon familial SUF se yon èd ekonomik chak mwa yo bay manman, papa oubyen responsab fanmi an ki nan kondisyon kategori ki pi ba yo ki gen timoun, ak adolesan jiska 18 lane. Pou aplike pou sibvansyon sa a, ou dwe fè pati 60% kap touche piti kòb nan popilasyon an epi yo pa Resevwa Alokasyon fanmi.

Tip sibvansyon	Kondisyon
SUF GWOSÈS:	Enskri depi nan 5èm mwa gwsès avèk sètifika Fanm saj ou.
SUF TIMOUN 0-6 LANE:	cheke prezans nan kontwòl timoun ki an bon kondisyon sante.
SUF TIMOUN 6-18 LANE:	Tcheke prezans nan etablisman eskolè regilye.
SUF ANDIKAPE MANTAL:	ou referans COMPIN nenpòt laj la.
SUF POU MANMAN:	Dwe resevwa SUF pou timoun nan.

Lwa 20.379 ki enstitisyonnalize **Sistèm Pwoteksyon Entegral pou Timoun Chile Crece Contigo**, bay kòm garanti:

🐦: Aksè ak èd teknik pou timoun ki gen yon andikap(*).

🐦: Aksè gratis ak gadri, jaden danfan ou modalite ki ekivalan ak sa(*).

🐦: Aksè preferansyèl ak sistèm askirans ak opòtinwite avèk fanmi ki ranpli kondisyon sa yo.

(*) Konsantre sou 60% popilasyon ki pi frajil yo selon Registro Social de Hogares.

"Avni timoun yo se toujou Jodi a"


Gabriela Mistral



Pou plis enfòmasyon sou **Chile Crece Contigo** ak sèvis li yo, ale nan minisipalite, nan sant santé ouyen sou sit sa:



www.crececontigo.cl



Protección Integral a la infancia

(Chili grandi ak ou
Pwoteksyon Entegral pou tout Timoun)



Chile Crece Contigo (Chili grandi ak ou) angajel nan pwoteksyon ak devlopman tout timoun .

Sa fè pati sistèm pwoteksyon sosyal, kwòdone pa Ministè Devlopman (AFÈ) Sosyal ak Fanmi, pou reponn ak bezwen peyi nou, pou redwi povrete epi avanse vè yon sosyete avèk mwens inegalite e plis dwa.

Se yon inisyativ Leta nan peyi Chili pran pou ankouraje ekite depi nan kòmansman lavi (depi nan vant).



Pwogram Pou Sipò Ak Devlopman Siko-sosyal

Pou tout timoun ki jwenn sèvis nan system santé piblik, Chile Crece Contigo bay yon sisèm entegral nan entèvansyon ak sèvis sosyal pou sipòte epi reyalize devlopman maksimòm depi nan gwoès pou rive 9 lane.

Pwogram edikasyonèl

Aksyon pou tout sitwayen yo

A travè diferan zouti, nap ba ou enfòmasyon pou sipòte a devlopman, swen ak levasyon pitit gason ou oswa pitit fi. Antre sou paj entènèt www.crececontigo.cl kote wap ka jwenn mizik, videyo, entèvyou avèk ekspè epiw ka kontakte espesyalis tou.

Materyèl yo bay nan kontwòl sante:



www.crececontigo.cl

LIVE

chrececontigo

Chile Crece Contigo

Chile Crece Contigo

@CreceContigo

Programa Creciendo Juntos en Radio Cooperativa.

Talleres Educativos

Siw bezwen oryantasyon nan zafè devlopman ak elvasyon timoun, rele nan **FONOFANCIA GRATIS NAN NENPÒT TELEFÒN.** Depi lendi pou rive vandredi, 8:30 a 21:00.

Apoyo psicológico gratuito para la crianza

FONOFANCIA 800 200 818

Llama o chatea de lunes a viernes de 8:30 a 21:00 hrs. fonofancia.cl


GWOSÈS

AKOUCHMAN / NESANS

PREMYE ANE YO (0 jiska 9 LANE)

Premye konsiltasyon avan-akouchman se antre nan **Chile Crece Contigo**, sa ap fèt nan yon entèvyou pèsone avèk fanmi an pandan 40 minit epi yab bay yon tigwid (bwochi) ki pale sou gwoès epi nesans ak yon CD mizik estimilasyon avan-akouchman. Nan prochen konsiltasyon, yap bay yon tibrochi patènite aktif tou.

Atelye an gwoup pou aprann sou gwoès, Prepare akouchman epi konnen **Pwogram Sipò Pou Timoun Ki Fèk Fèt.**



Aplikasyon swen sante pèsone selon bezwen chak fanm epi chak fanmi.

Dwa e aksè ak sibvansyon fanmilyal pou tout timoun, depi nan gwoès jiska 18 lane, depi ke yo ranpli kondisyon yo.

Atansyon pèsone akouchman epi ak tibebe ki fèk fèt yo. Pwomosyon kòman Bay tete eksklizif, kontak po sou po nan akouchman ak patisipasyon aktivman papa oubyen akonpayon.



Pwogram apwi pou timoun ki fèk fèt.

Tout timoun ki fèt nan lopital ki fè pati rezo piblik yo, ap resevwa yon kit ki gen ekipman debaz nan moman egzeyat timoun nan (lè li soti lopital la). Kit sa a genyen:

1. Yon bèso byen ekipe.
2. Pake swen debaz ak estimilasyon.
3. Pake rad ak yon klosè (pandri).

Livrezon materyèl pou jwe e pou estimilasyon.

- Dekouvri kontwòl yo ansanm.
- Akonpayon pou dekouvri 1, 2 y 3 de 0 a 2 lane.
- Ann rakonte yon istwa lè nou gen 3 lane.
- Dekouvri emosyon mwen yo a 4 lane.

Aplikasyon plan pante pèsone yo pou chak timoun ak fanmi yo.



Dekouvri byen bonè timoun ki gen reta pswa ki riske retade nan devlopman yo ak rekòmandasyon pou tretman nan kèk modalite pou estimilasyon.

Jaden dafan JUNJI ak INTEGRA gratis pou timoun ke manman ak papa yo ap travay, etidye oubyen ap chache travay ki fè pati 60% fanmi ki pi pòv. Pou plis enfòmasyon ale sou sit nèt sa: www.junji.cl oubyen www.integra.cl



Jaden danfan JUNJI yo ak INTEGRA gratis pou timoun ki fè pati 60% fwaye sosyo ekonomik ki pi vilnèf yo.



Atelye fòmasyon pou apiye estimilasyon ak bon jan levasyon nan devlopman timoun yo.

Atelye pou papa, manman e moun kap pran swen timoun yo. Pa gen moun ki bon nèt "Nadie es perfecto".

Nadie es perfecto



Atansyon entegral nan modalite estimilasyon pou timoun avèk risk oubyen ki gen reta nan devlopman yo:


- Salon kote yo fè estimilasyon nan komin nan ou nan sant sante yo.
- Sèvis itineran nan estimilasyon
- Swen a domisil.
- Anpil jwèt.

Pou ti gason oswa ti fi entèn lopital:

- Atansyon entegral pou ti gason oswa ti fi ki entèn lopital pou fasilite devlopman ak byenèt yo.
- Edikasyon endividyèl epi nan gwoup pou fanmi sou fonksyonman inite lopital ki entèn epi sou sityasyon ki aflije timoun nan.
- Lopital la ouvri pou paran yo oubyen moun kap pran swen timoun nan kapab akonpanye pandan li entèn lopital la pou piti 12 è de tan pa jou.

Rinju Nuevo vamos a jugar!

NAN antre Jaden Danfan timoun lekòl piblik minisipal yo, resevwa yon jwèt kay pou ankouraje yo jwe epi eksplòre. Yo bay chak timoun materyèl sa a pou ale lakay yo e avèk fanmi yo pou yo kapab eksperimente diferan posiblite ke jwèt la genyen. Yo bay yo nan etablisman minisipal yo.



PASMI

Pwogram Sante Mantal pou Timoun

Pou timoun ki gen siy ki montre li gen maladi mantal ki soti nan diagnostik ekip JUNAEB la. Yo defini sa nan sant sante ki bay premye swen yo.

Aksè selon bezwen chak fanmi ak of disponib nan rezo kominal la.

- Pwogram nivèlman etid pou papa ak manman yo.
- Pwogram pou amelyore lojman kondisyon abitabilite.
- Sipò pou jwenn travay.
- Asistans jidisyè.
- Swen santé mantal.
- Sipò pou fanmi dinamik.
- Prevansyon ak atansyon vyolans entèfamiyal epi maltretman timoun.

Si pandan yap swiv devlopman timoun yo, yo ta detekte sityasyon vilnerab (povrete etrèm), rezo kominal Chile Crece Contigo ap referew ak minisipalite ki koresponn, nan objektif pou aktive sipò espesifik ke li merite.



Vizit domisil yo, reyalize pa yon ekip sante kap sipòte fanmi kap viv kèk sityasyon ki ta riske pou afekte devlopman timoun nan.